

(1) Jesu akapindura sei vanhu vaipokana pamusoro pehMwari hwaKe?

Mateo 12:39

Vanhu vazhinji kunyanya vatsva kuopenyu hwechiKristu vanombonetswa nepfungwa yekukahadzika. Kune zvinhu zvizhinji muBhaibheri zvavasingagoni kutsangura kana kunzwisisa. Satani anoshandisa izvi kuedza kuvabvisa pakutenda kwavo mumagwaro nokuvaita kuti vasabvuma kuti iShoko rakabva kuna Mwari. Vanobvunza, “Ndingaziva sei nzira yakafanira? Kana zvechokwadi Bhaibheri riri Shoko raMwari ndingasununguka sei kubva mukukahadzika nemibvunzo iyi?”

Mwari haangoiti kuti titende mukuvapo kwake asingatipi zvinoita kuti titende zvakakwana mukuvapo kwaKe. Chimiro chaKe nekuvimbika kweShoko raKe zvese zvine hwaro hune uchapupu hunonzwisisika uye hwakawanda. Asi zvakadaro Mwari haana kumbobvisa mukana weangada kukahadzika. Kutenda kwedu kunofanira kusendama pane zviripo kwete kungofungidzira. Avo vanoda kukahadzika vachawana mukana wavo uyewo avo vanoda kuziva chokwadi vachawana uchapupu hwakawanda apo vangasendamisa kutenda kwavo.

(2) Seiko munhu asingakwanisi kunzwisisa pfungwa dzaMwari?

Isaya 55:8, 9

Hazvikwanisiki nepfungwa dzedu dzinoguma kuti munhu agonzwisisa chimiro nemabasa aMwari asina magumo. Kupfungwa inozviona yakachenjera uye yakadzidza zvikuru Mwari anongoramba akaputirwa mukusanzwisisika, “Unganzwisisa zvakadzika zvaMwari here? Ungakwanisa kunzwisisa iYe Wamasimba ose here? Zvakakwirira sekudenga; iwe ungaiteiko? Zvakadzika kupfuura bwiro; iwe ungaziveiko? Job 11:7, 8.

Mupositori Pauro anoti, “haiwa kufuma kwokuchenjera nokuziva kwaMwari kwakadzika sei! Kutonga kwake hakunganzverwi, nenzira dzake hadzingarondwi!” VaRoma 11:33. Asi kunyange “makore nerima zvinomukomberedza,” “kururama nokururamisa ndidzo nheyo dzechigaro chake choushe.” Mapisarema 97:2. Tinogona kunzwisisa mashandiro aanoita nesu, uye zvinomusunda zvakadaro zvekuti tinogona kuona rudo rwaKe netsitsi dzaKe dzisingaperi serutivi rwesimba raKe risingaperi. Anotiita kuti tinzwisise nzira dzaKe kusvikira bedzi pane zvakatinakira kuti tizive; kupfuura apa tofanira kungovimba ruoko rwamasimba ose nemwoyo uzere nerudo.

(3) Kana tatadza kunzwisisa magwaro tinofanira kungwarira chii?

2 Petro 3:16, 17

Shoko raMwari rine chimiro cheUyo Mutsvene akarinyora: rinotiratidza zvakavanzika zvisingagoni kunzwisiswa zvizere nepfungwa dzedu dzinoguma. Zvimwe zvezvakavanzika izvi zvakadzika zvakadaro zvekuti pfungwa yemunhu inonetseka kuzvitsanangura, kana kunyatsozvinzwisisa ndeizvi: kuuya kwechitema munyika, kuuya kwekutanga kwaKristu, kuti tingabarwa sei patsva, kumuka kwaKristu nezvimwe zvidzidzo zvizhinji zvatinopihwa muBhaibheri. Hatina chikonzero chekukahadzika pamusoro peShoko raMwari nemhosva yekuti hatigoni kunzwisisa zvakavanzika zvesimba rekusika kwaKe. Munyika yatinoona nekubata tinogara takatenderedzwa nezvavanzika zvatisingagoni kunzwisisa. Zvinhu zviri nyore nyore zveupenyu ndizvo zvimwe zvisingagoni kutsanangurwa nemagodobori edzidzo. Kwese kwese kune zvishamiso zvatisingagoni kunzwisisa. Zvino kana izvi zvakadaro zvingatishamisawo here kuti munyika yezvemweya mune zvakavanzikawo zvatisingakwanisi kunzwisisa? Dambudziko riri pautera nekuguma kwepfungwa dzemunhu. MuMagwaro, Mwari akatipa zviratidzo zvizhinji kutiratidza chimiro chawo chehumwari. Hatifaniri kukahadzika pamusoro peShoko raKe nekuti tatadza kunzwisisa zvavanzika zvesimba rematongerero aKe.

Mupositori Petro anoti, “mune zvimwe zvikukutu kunzwisiswa, zvinominamiswa samamwe magwaro vo, navasingazivi navasina simba, kusvikira vaparadzwa.” Nokuti



havanzwisisi Magwaro, vazhinji vevasingatendi vanoshandisa rugwaro urwu kupikisa Bhaibheri. Asi chokwadi ndechekuti vane uchapupu hwakazara hwekufemerwa kwaro naMwari. Dai zvainzi Bhaibheri nezvarinotaura pamusoro paMwari zvaigona kunzwisiswa zvese, kana hukuru hwaKe nembiri yaKe zvaigona kunzwisiswa nepfungwa dzedu dzine magumo; Bhaibheri raizopedzisira risisina chiratidzo chisingapikisiki chekuti rakabva Kudenga. Hupfumi nekuvanzika kwezvidzidzo zvinoratidzwamo zvinofanira kutisvitsa pakutenda kwakadzika muShoko raMwari.

(4) Ko uchenjeri hwenyika ino hungatipa kunzwisisa Magwaro here?

1 Vakorinte 2:14

Bhaibheri rinozarura chokwadi kumuverengi nekumupa zviri nyore uye zvinoenderana nezvidiso zvinokwanirana nemwoyo yedu. Zvokwadi iyi yakashamisa nekudakadza vane pfungwa dzakapinza asi inoratidza vanozvininipisa navasina kudzidza nzira yekuponeswa. Asi zvokwadi idzi dzataurwa nenzira iri nyore zvidzidzo zvikuru uye zvakadzika zvakadaro zvekuti hazvisi nyore, kuti pfungwa dzedu dzinzwisise, tinogona kuzvigamuchira chete nokuti Mwari akataura kudaro. Zvokwadi idzi dzinozarurwa kuti mumwe nemumwe wedu aone matanho atinofanira kutora mukubvuma nekusuwa pamusoro pechitema. Anoratidza kutenda kwatinofanira kuva nako muna Jesu. Mukuziva matanho aya, tinogona kuponeswa munzira yaMwari. Mukati kati mezvokwadi iyi iri nyore kunzwisisa mune zvakavanzika zvakazara nembiri yaKe. Zvokwadi idzi dzinokurira pfungwa dzedu patinodzidza, asi dzinotizadza nekutenda nekuremekedza kana tichitsvaga chokwadi. Patinonyanya kutsvaga muBhaibheri, ndipo panonyanya kudzika kutenda kwedu kuti iShoko raMwari mupenyu. Pfungwa dzedu sevanhu dzinotanga kunzwisisa zvokwadi idzi dzatakazarurirwa nedenga.

Kutaura kuti hatigoni kunzwisisa zvokwadi huru dzemuBhaibheri kubvuma kuti pfungwa dzedu dzinemagumo hadzigoni kubata zvisina magumo. Izvi zvinoreva kuti munhu neruzivo rwake rune parunogumira, haanganzwisisi zvizere zano raMwari.

(5) Chii chatinoyambirwa kuti tisarega chichipinda mumwoyo yedu?

VaHeberu 3:12

Anokahadzika, nevasingatendi vanoramba Shoko raMwari nokuti havagoni kubata zvavanzika zvaro zvose. Kunyangewo avo vanotenda mariri vanongonetsekanawo nedambudziko iri. Mupositori Pauro anoti yambira pamusoro

pedambudziko iri muvhesi riri pamusoro. Zvakanaka kunyatsodzidza zvinodzidziswa neBhaibheri uye kutsvagurudza “muzvakadzika zvaMwari” pane zvakaratidzwa mumagwaro. 1 Vakorinte 2 : 10. Satani anoita nepese paanogona kuti tive nemubvunzo pamusoro pezvinhu. Vamwe vanhu vanoregedza kuzvida kuchipindira pavanoedza kudzidza zvokwadi yeBhaibheri. Vanonzwa chinya nekukundikana kana vatadzirira kutsanangura rumwe rutivi reBhaibheri nenzira yavangada. Vanonzwa zvichinyadzisa kuti vabvume kuti havanzwisisi mazwi akafemerwa aMwari. Havadi kumirira nekutiwira kusvikira Mwari azviona zvakafanira kuvazarurira zvokwadi iyi kwavari. Vanofunga kuti njere dzavo sevanhu dzakakwana kuti vanzwisise magwaro, uye nekuda kweizvi vavakuramba simba rawo. Ichokwadi kuti zvizhinji zvezviri kutendwa nedzidziso dzakatekeshera dzinotendwa dzinofungidzirwa kuti dzakabva muBhaibheri, asi hadzina hwaro hweBhaibheri mune zvadzinodzidzisa. Vadzidzisi vadzo vanotopikisana nezvakafemerwa. Zvinhu izvi zvaunza kuvhiringika nekukahadzika mupfungwa dzevazhinji. Dambudziko iri harigoni kupomerwa kuShoko raMwari, asi mhosva yekuvhiringika iyi inobva pavanhu vanoshandura zvinorehwa neShoko.

(6) Seiko tisingazombosviki pakunzwisisa Mwari zvizere?

Deuteronomio 29:29

Dai zvaikwanisika kuti isu sezvisikwa tinzwisise Mwari nezvese zvaanoita zvizere; kana tangosvika pachidanho ichocho panenge pasisina imwe zvokwadi yatichafanira kutsvaga. Hapasisinazve chimwe chekudzidza, hapachisinazve chimwe chekuti pfungwa nemwoyo yedu ikure. Panenge pasisina chikonzero chekuremekedza Mwari, uye dai taingasvika panogumira kudzidza uye kugutsikana, hatizogoni kukura mupfungwa. Tinofanira kutenda Mwari kuti hazvina kudaro. Mwari haana magumo, “maari fuma yose yovuchenjeri nokuziva yakachengetwa.” VaKorose 2:3. Mukugara nekugara nekusingaperi ticharamba tichitsvaga, nguva dzose tichingodzidza asi hatizombosviki pakuwana pfuma yose youchenjeri hwaKe, yokunaka kwaKe uye yesimba raKe.

(7) Ndekupi chete kwatinogona kuwana uchenjeri hwaMwari?

1 Vakorinte 2:12

Muhupenyu huno, zvokwadi yeShoko raKe icharamba ichingozaruka kuvanhu vake. Pane nzira imwechete bedzi yekuwana uchenjeri. Tinogona kuwana kunzwisisa kweShoko raMwari bedzi kubva kumupi waro - Mweya Mutsvene achitiratidza. “Hakuna munhu ungaziva zvinhu zvaMwari, asi Mweya waMwari;” “Mweya unonzvera zvinhu zvose, zvirokwazvo,zvinhu zvakadzika zvaMwari.”

(8) Chii chatichawana kana tabvumira Mweya Mutsvene kuti atitungamire patinodzidza?

Johane 16:13

Mwari anoda kuti tishandise simba redu rekugona kufunga, uye apo patinodzidza Bhaibheri zvichasimbisa nekusimudzira pfungwa dzedu kupfuura chero chii zvacho chatingafunga. Asi tinofanira kurangerira kuti mafungiro edu anokanganiswa neutera uye kushaiwa simba kwedu sevanhu. Tinofanira kugara tichikumbira Mweya Mutsvene kuti azarure pfungwa dzedu kuMagwaro. Tinofanira kuva nekutenda kwemwana mudiki uye kuva vakagadzirira kudzidza, pasina izvozvo hafifi takanzwisisa kunyange zvokwadi iri pachena zvakadii. Tinofanira kuva vakazvininipisa nokuti tinonzwa kusangana nesimba neuchenjeri hwaMwari, uye nokuti hatigoni kunzwisisa ukuru hwaKe. Tinofanira kuzarura Shoko raKe semaendero atingaite pamberi paKe, nokuremekedza kutsvene, uye pfungwa dzedu dzinofanira kubvuma kuti simba raMwari iguru kupfuura redu. Patinouya kuBhaibheri mwoyo nepfungwa dzedu zvinofanira kukotama pamberi paIye anoti Ndini Iye Wandiri.

(9) Ndianiko chitubu cheuchenjeri hwedu?

Jakobo 1:5

Kune zvinhu zvizhinji zvinoratidza kuva zvakaoma, kana zvisiri pachena, asi Mwari achazviita kuti zvive nyore uye achazviisa pachena kune avo vanotsvaga kunzwisisa kuburikidza nerubatsiro rwaKe. Asi pasina rubatsiro rweMweya Mutsvene tinozongoramba tiri mungozi yokusanzwisisa kana kurasikirwa nekufarira Magwaro zvachose. Kazhinji, Bhaibheri parinoverengwa munhu oshaya chaabuda nacho; zviripo chaizvo ndezvekuti kuverenga uku kunopedzisira nematuso asingafadzi. Kukahadzika (kusatenda) kunotonyanya kusimba kana Shoko raMwari richizarurwa pasina kuremekedza uye pasina munamato. Kana pfungwa dzedu nerudo rwezu zvisiri pana Mwari, kana kuti zvisingapindirani nezvidiso zvaKe, pfungwa dzedu dzichazadzwa nemakore ekukahadzika. Muvengi anotora pfungwa oedza kutitungamirira mukunzwisisa kunopesana nechokwadi. Zvisinei kuti takangwara zvakadii, kana tisingadyidzani naMwari mumashoko atinotaura uye muzvinhu zvatinaita, zviri nyore kuti titadze kunzwisisa Magwaro. Avo vanotarira muMagwaro kuti vaone zvinhu zvavanofunga kuti zvakakanganiswa, havasi kutungamirirwa neMweya Mutsvene. Sezvo vasinganyatsooni zvakanaka vanoona paine zvikonzero zvizhinji zvekukahadzika nekusatenda pazvinhu zvinongova nyore uye zviri pachena.

(10) Kana tikaomesa misoro tichirambira muchitema chatinoziva, zvinoita sei kuukama hwedu naMwari?

Isaya 59:2

Vanhu vazhinji vanoedza kuzviviga, asi kazhinji-zhinji rudo rwechitema ndirwo runovakonzero kuti vakahadzike uye kuva nemibvunzo pazvinhu zveMweya. Nzira yakarairwa muShoko raMwari haigoni kugamuchirwa nevanozvida uye vane mwoyo inofarira chitema isingadi kuterera zvarinotaura asi wakagadzirira kukahadzika pamusoro pesimba rako. Kutu isu tiwane chokwadi, tinofanira kunge tichida kuziva chokwadi uye takagadzirira mwoyo yedu kuchigamuchira. Vose vanodzidza Bhaibheri nenzira iyi vachawana uchapupu hwakakwana hwekuti iShoko raMwari. Kana vatarisa vachawana kunzwisisa kwezvokwadi yaro kunovapa uchenjeri hunosvitsa pakuponeswa.

(11) Chii chinotarisirwa naMwari kwatiri asati atizarurira chiedza chitsva?

Johane 7:17

Panzvimbo yekubvunza nekutsvaga mhosva pamusoro pezvinhu zvausinganzwisisi, rarama zvinoenderana nechiedza chawakawana, ipapo uchagamuchira chiedza chakawanda. Nenyasha dzaMwari ita zvose zvaunonzwisisa kuva zvakarurama ipapo uchanzwisisa nokuita zvose zvisati zvanyatsojeka kwauri.

Huchapupu hunowanikwa mukurarama hunoonekwa nevanhu vese kubva kuna vakadzidza zvikuru kusvikira kune vasina kunyanya kudzidza. Mwari anotikoka kuti tiidze Shoko raKe sezvariri uye kuti tione chokwadi sezvaakavimbisa. Anotikoka kuti “tiravire nekuona kuti Mwari akanaka.” Mapisarema 34 :8. Pane kuvimba nezvatingataurirwe nemumwe munhu, tinofanira kuzviravirira pachedu. Anotiudza kuti, “Kumbirai muchapiwa.” Johane 16 : 24. Zvaakavimbisa zvichaitika sezvaakataura. Hazvisati zvambotadza kuitika, uye hazvifi zvakambotadza kuitika, patinoswedera pedyo naJesu nekumumbidza pamusoro pekuzara kwerudo rwaKe, kukahadzika nerima zvinotsakatika muchiedza chekuvapo kwaKe.

(12) Apo hukama hwedu naJesu hunokura chii chatichapupura?

VaKorose 1:13

Jakobo 1:18

Mupositori Pauro anotaura kuti Mwari, “vakatisunungura pasimba rerima,” uye munhu wese akapfuura kubva murufu kuenda kuhupenyu anogona “kusimbisa kuti Mwari ndowazvokwadi” VaKorose 1 : 13, Johane 3 : 33. Anogona kuti, “Ndaida rubatsiro ndikaruwana muna Jesu. Zvese zvanda ndakazvipihwa uye nzara yemweya wangu yakazadziswa. Iye zvino Bhaibheri rinozarura Jesu kwandiri. Uri kubvunza here kuti sei ndichitenda muna Jesu? Nekuti ndiYe Muponesi Mutsvene kwandiri. Seiko ndichitenda Bhaibheri ? Nokuti ndakariwana riri Izwi raMwari rinotaura kumweya wangu.” Tinogona kuratidza vamwe kuti Shoko raMwari ndere chokwadi uye kuti Jesu Mwanakomana waMwari kuburikidza nekurichengeta mumwoyo yedu. Tinoziva kuti hatisi kungotevera ngano dzakangorongwa noungwaru.

(13) Kana tatevera chiedza chatakapihwa tichaona zvikomborero zvakadii?

Zvirevo 4:18, 19

Petro anokurudzira hama dzake kuti “dzikure munyasha nomukuziva Ishe naMuponesi wedu Jesu Kristu.” Kana vanhu vaMwari vachikura munyasha, vanoramba vachingwana kunzwisisa kwakajeka kweShoko raKe. Vanoona chiedza chitsva norunako muzvokwadi yaro tsvene. Ichi ndicho chokwadi chakaonekwa munhorondo yesangano munguva dzese dzapfuura, uye zvicharamba zvakadaro kusvikira pakupedzisira.

(14) Ivimbiso yatinopihwa pamusoro peremangwana apo tinorambira muna Jesu?

1 VaKorinte 13:12

Nekutenda tinogona kutarisa ramangwana uye kugamuchira vimbiso yaMwari yekuti achatibatsira kukura muuchenjeri nokuita kuti simba redu ribatanidzwe neraKe. Simba rose remweya yedu rinobatanidzwa neChitubu chechiedza. Tinogona kurumbidza tichiziva kuti zvese zvinotinetsa zviri pasi pesimba raMwari uye kuti achazvijekesa kwatiri. Pane zvinotinetsa kunzwisisa tichawana mhinduro, uye panoonekwa nepfungwa dzedu paine kuvhiringika nezvinangwa zvakatyorwa, tichazoono kupera nesungawirirano yekushandira pamwe.

Ndinonzwisisa kuti mumazuva ekupedzisira enhoroondo yepasi rino vazhinji vanenge vasingatendi munaMwari. Ndinotaridza kumisa kutenda kwangu pahuchapupu hwaakaisa pachena nekutenda maAri.

Tenderedza: Hongu Kwete Handisati ndasarudza

Zvinondinyaradza kuziva kuti uchenjeri hwaMwari haigoni kunzwisiswa chero nani nani zvake. Ndinogona kuisa upenyu hwangu mumaoko ake ndichiziva kuti akabata zvose mumaoko aKe.

Tenderedza: Hongu Kwete Handisati ndasarudza

Ndinoona kuti kunyangwe ndisingagoni kunzwisisa zvose zvinotaurwa neBhaibheri pamusoro paMwari, izvozvo zvinotova uchapupu hweukuru hwaKe. Ndizvo zvinoratidza kuti Bhaibheri rakafemerwa naYe.

Tenderedza: Hongu Kwete Handisati ndasarudza

(C) Merlin Beerman - www.revelationpublications.com

Illustrations (C) Goodsalt - www.goodsalt.com

These materials may be photocopied and shared but not altered or sold.

Printed in USA by Light Bearer's Ministry - www.lbm.org

Matsiko Kuna Kristu



Kukurira Kukahadzika

14 - 16